



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 4/4/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN LWA SOU SALÈ MINIMOM \$15 DOLA AK KONJE FANMI PEYE 12 SEMÈN LAN

Nan tout eta a salè minimòm \$15 dola pral ogmante revni plis pase 2.3 milyon Nouyòkè

Politik konje fanmi peye 12 semèn lan - sa ki pi long ak pi konplè nan peyi a - pral ede travayè kenbe stabilite finans yo pandan y ap okipe yon nouvo timoun oswa yon fanmi malad

Gouvènè Andrew M. siyen jodi a lwa ki dekrete yon plan salè minimòm \$15 dola ak konje peye fanmi 12 semèn. Lwa te vote nan kad bidjè eta 2016-17 la, epi make yon kokenn akonplisman nan efò Gouvènè a ap fè pou l pote tounen jistis ekonomik ak egalite pou fanmi travayè nan Eta New York. Gouvènè a te siyen de lwa sa yo san pèdi tan anvan li te ale nan yon rali laviktwa 1.000 moun, ki te gen ladann travayè, militan, dirijan sendika ak otorite eli. Rasanbleman an te fèt nan Jacob K. Javits Center nan Vil New York.

“Lè li pase nan yon salè minimòm \$15 nan tout eta a, epi lè li dekrete politik konje fanmi peye pi djanm nan peyi a, New York ap montre lawout pou rive nan jistis ekonomik,” **te deklare Gouvènè Cuomo**. “Strateji sa yo pa sèlman monte jenerasyon travayè ti salè yo ak fanmi yo, men pèmèt jenerasyon kap vini yo monte lechèl opòtinite ekonomik la. Mwen fyè pou siyen pwogram sa yo pou yo vin lwa, paske yo pral garanti yon fiti pi djanm, pi jis ak pi bèl pou tout Nouyòkè.”

Chèf Konferans Demokratik Endepandan Sena a, Jeffrey Klein, te di konsa, “Sa a se vreman Ane Travayè a. Yon viktwa nan Litt pou Konje Fanmi Peye \$15 ap fè yon gwo diferans nan lavi travayè nou yo. Mwen di Gouvènè Cuomo mèsi pou pwoblèm sa yo li bay priyorite yo. Eta New York mete ansanm pi bon politik Konje Fanmi Peye nan peyi a. Okenn moun pap gen pou chwazi ant sa kè yo di yo pou yo fè ansanm avèk sa kont labank yo pèmèt yo fè. Travayè salè minimòm nou yo jwenn tou yon ogmantasyon yo merite. Sa se yon bidjè ki dwe rann tout Nouyòkè yo fyè.”

Lidè Demokratik Sena Andrea Stewart-Cousins te deklare, “New York toujou rete yon lidè pwogresis epi nou pwouve sa yon fwa ankò ak pi wo salè minimòm lan ak pwogram konje fanmi peye pi djanm lan nan peyi a. Mwen felisite Gouvènè Cuomo, Pòt Pawòl Heastie ak kòlèg Demokrat Sena mwen yo pou travay di yo sou Bidjè Eta ane sa,

epi m espere n ap kontinye mete jefò nou ansanm pou fè Eta New York vanse.”

Prezidan Asanble a Carl Heastie te deklare, “Vikwa jodi a nan ogmante salè minimòm lan ak konje fanmi peye a se pou tout fanmi atravè eta a epi pou chak grenn Nouyòkè kap travay di epi kap fè sa yo konnen pou yo ka genyen yon avni reyisi. Majorite Asanble a fyè pou travay nou fè pou reyalizasyon sa epi li pi fyè ankò pou opòtinite mezi sa yo pral bay yon pil ak pakèt moun. Jodi a nou asire plas nou kòm lidè epi nou kenbe pwomès nou pou yon pi bon New York.”

Salè Minimòm \$15

Bidjè eta a gen ladan yon ogmantasyon istorik nan salè minimòm lan, kote li rive \$15 lè pou tout travayè nan tout endistri atravè eta a.

- Pou travayè nan Vil New York kap travay nan gwo biznis (sila yo ki gen omwen 11 anplwaye) salè minimòm lan ta ogmante a \$11 nan fen 2016, apresa yon lòt \$2 chak ane apre, jiskaske yo rive nan \$15 nan dat 31/12/2018.
- Pou travayè yo nan Vil New York kap travay nan ti biznis (sila yo ki gen 10 anplwaye oswa mens) salè minimòm nan ta ogmante a \$10.50 nan fen 2016, apresa yon lòt \$1.50 chak ane apre, jiskaske yo rive nan \$15 nan dat 31/12/2019.
- Pou travayè yo nan Konte Nassau, Suffolkk ak Westchester salè minimòm nan ta ogmante a \$10 nan fen 2016, apresa yon lòt \$1 chak ane apre, jiskaske yo rive nan \$15 nan dat 31/12/2021.
- Pou travayè yo nan rès eta a, salè minimòm nan ta ogmante a \$9.70 nan fen 2016, apresa yon lòt .70 chak ane apre jiskaske yo rive \$12.50 nan dat 31/12/2020 – apresa lap kontinye ogmante a \$15 sou yon kalandriye endekse kap fikse nan Direksyon Divizyon Bidjè a nan konsiltasyon avèk Depatman Travay.

Pi lwen, pwojè lwa ap bay yon soupap sekirite pou ogmantasyon yo. Apati 2019, Direktè DOB eta a ap fè yon analiz chak ane sou ekonomi chak rejyon ak efè ogmantasyon salè minimòm nan tout eta pou detèmine si yon sispansyon tanporè nan ogmantasyon yo prevwa yo ta nesèsè. Divizyon Bidjè a soumèt analiz la bay Depatman Travay.

Yo te estime gen plis pase 2.3 milyon moun k ap konsènen nan ogmantasyon salè minimòm nan.

Anvansa, nan kad efò Gouvènè a New York te kòmanse deplase nan direksyon yon salè minimòm \$15 anplwaye ki nan endistri manje rapid yo, travayè sektè piblik, ak anplwaye SUNY yo – an total ki konte apeprè a yon ka milyon travayè nan Eta New York.

Konje fanmi peye 12 semèn

Kontra bidjè a gen ladan pwogram konje fanmi peye ki pi konplè nan peyi a. Lè li fin byen enpleman, anplwaye yo ap kalifye pou 12 semèn konje fanmi peye lè yap pran

swen yon timoun, yon manm fanmi ki gen yon maladi grav oswa pou retire presyon sou fanmi an lè yo rele yon moun nan sèvis militè aktif. Benefis yo ap pwogresif apati 2018 nan 50 pousan nan salè mwayen anplwaye chak semèn, plafonnen nan 50 pousan nan salè mwayèn tout eta, ak aplike antyèman nan 2021 nan 67 pousan nan mwayèn salè pa semèn yo, plafonnen nan 67 pousan nan salè chak semèn mwayen nan tout eta a. Pwogram sa ap finanse antyèman grasa yon dediksyon pewòl nominal sou anplwaye yo kidonk li pap koute biznis yo – alafwa gwo ak piti– anyen. Anplwaye yo kalifye pou patisipe apre yo gen sis mwa depi y ap travay pou patwon yo.

Pase bon moman afeksyon ak yon nouvo tibebe oswa pran swen yon manm fanmi ki malad grav pa dwe koute anplwaye yo ekonomi yo oswa travay yo. Nan tout eta a konje fanmi peye ap benefisye patikilyèman travayè ki gen revni fèb yo ki souvan manke avantj oswa sekirite travay, e ki souvanfwa pa gen aksè nan nenpòt konje, menm sa ki pa peye, oswa yo koute twò chè. Jou konfe fanmi peye gen tou posibilite pou sèvi kòm yon gwo egalizatè pou fi yo. Nan anpil ka, fi ki kite travay pou pran swen yon tibebe ki fenk fèt non sèlman renonse a salè yo genyen an akoutèm, men tou sibi diminisyon salè pi devan ak trajektwa karyè alontèm. Etabli konje fanmi peye make yon gwo etap nan pouwit egalite ak diyite alafwa nan travay ak nan kay.

###

Nouvèl anplis disponib nan sit entènèt www.governor.ny.gov
Eta New York| Executive Chamber |press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418